



SÈVIS POU POPILASYON ESPESYAL: IMIGRAN YO

Enfòmasyon Rapid pou moun yo Ede

FEYÈ ENFÒMASYON SA A APLIKAP SI:

- Ou se yon anplwaye ki ede moun pèsonèlman e ki fè rechèch sou entènèt, oswa ki pa fè rechèch sou entènèt ("moun ki ede moun pèsonèlman"), oswa yon konseye aplikasyon ki sètifye (CAC) (yon moun k ap ede moun, kolektivman) nan yon eta ki gen yon Mache asirans ki fasilité moun onivo Federal (FFM) oswa yon Mache asirans ki an Patenarya avèk Leta (SPM); ak/oswa
- Ki ede imigran k ap aplike yo eksploré swen sante yo ak chwa kouvèti yo.

Konsomatè Ki se Imigran yo: Bilan

Gen anpil imigran ki kalifye pou kouvèti asirans sante atravè Mache Asirans Sante a (Marketplace) oubyen atravè Medicaid oswa atravè Pwogram Asirans Sante Timoun (CHIP). Yon kliyan pa oblige sitwayen Ameriken ni yon Ameriken natifnatal pou l kalifye pou Medicaid oswa CHIP ni pou l anrejsitre nan yon plan asirans kalifye (QHP) atravè Mache asirans la. Moun k ap ede imigran k ap aplike pou anrejistre nan yon nouvo kouvèti asirans sante fèt pou konnen règleman Federal ak règleman leta ki afekte kalifikasyon kliyan sa yo pou diferan asirans sante ak chwa ki genyen sou kouvèti asirans sante. Epitou moun k ap ede yo fèt pou konprann pwosedi aplikasyon an ak pwosedi anrejistreman an pou yo ka ede kliyan imigran yo evalye chwa kouvèti asirans sante yo genyen. Anplisdesa, moun k ap ede yo fèt pou bay imigran yo èd ki apwopriye, kit se sou plan kiltirèl, kit se sou plan lengwistik.

Tou depannde kondisyon imigrasyon yo ak lòt kritè ankò, imigran yo ka byen kalifye pou kouvèti asirans sante atravè Mache Asirans la (Marketplace), Medicaid oswa CHIP. Si kliyan yo gen yon pwoblèm medikal dijans, Medicaid ap peye pou tretman an si kliyan yo satisfè tout kritè kalifikasyon Medicaid nan eta a (kritè tankou salè ak rezidans nan eta a), kèlkeswa kondisyon imigrasyon kliyan an. Lèfini, Sant Sante Kominotè yo (CHC) ak Sant Sante pou Travayè Migran (Migrant Health Centers -MHC) ofri swen sante primè konplè, kèlkeswa estati imigrasyon travayè migran an, kit li ka peye, kit li pa ka peye. Sepandan, MHC bay sèvis swen sante pou travayè migran yo ak moun ki travay fè travay jaden nan sezón ak fanmi yo sèlman.

Moun k ap ede kliyan imigran yo fèt pou byen konnen pwen suivan yo:

1. **Kalifikasyon pou Mache Asirans la (Marketplace):** Imigran ki legal nan peyi a ki satisfè lòt egzijans debaz pou kalifye pou Mache Asirans la (Marketpalce) ka byen kalifye pou resevwa kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Market Place). Gade *Detay 1 – Estati Imigrasyon ki pèmèt moun kalifye* pou kouvèti asirans nan Mache Asirans la (Marketplace Coverage) anba a pou ka wè yon rezime sou estati imigrasyon ki pèmèt yo preznan legalman. Epitou aplikan yo ka byen kalifye pou resevwa èd finansyè atravè Mache Asirans la (Marketplace), tou depannde sèten kritè kalifikasyon anplis, tankou salè ki antre nan kay la ak konbyen moun ki gen nan fanmi a.



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

**Detay 1 – E stati Imigrasyon ki pèmèt moun kalifye pou kouvèti asirans nan Mache Asirans la
(Marketplace Coverage)**

E stati imigrasyon ki pèmèt moun prezan legalman

Pou kalifye nan Mache Asirans la (Marketplace) sèlman

- Moun ki gen estati "nonn-imigran" ki valab (travayè ki gen viza (tankou H1, H-2A, H-2B), viza etidyan, U-viza, T-visa, ak lòt viza, ak sitwayen Mikwonezi, sitwayen Zile Marshall ak sitwayen Palau yo)
- Etranje ki te soumèt yon demann viza ke yo te apwouve e ki gen yon aplikasyon ki poko finalize pou chanje estati yo
- Moun yo te bay otorizasyon travay
- Moun ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)
- Moun ki an libète kondisyonèl nan Etazini
- Moun ki gen Aksyon yo Repòte (*Eksepsyon:* Aksyon yo Repòte pou Timoun k ap Vini (DACA) pa konsidere kòm prezans legal)
- Aksyon pou fè moun kite peyi a ke yo repòte (DED)
- Yon timoun ki gen yon aplikasyon ki poko finalize pou l gen Estati Jivenil Imigran Espesyal
- Moun ki resevwa papye yo selon Konvansyon Kont Tòti (CAT)
- Moun ki gen Rezidans Tanporè ki Legal
- Moun ki benefisyé Inite Fanmi
- *Tout estati kalifikasyon Medicaid ki make sou lis ki pi ba a*

**E stati pou kalifye pou Medicaid
(si yo satisfè barèm 5-an an)***

- Rezidan Pèmanan ki Legal (LPR/Moun ki gen Green Card)
- Moun ki antre sou kondisyon
- Moun ki an libète kondisyonèl nan Etazini pandan 1 anne oswa plis
- Moun yo bat yo, tankou madanm/mari, Timoun oswa Paran ki gen yon demann rezidans ki poko finalize oswa ki poko apwouve nan DHS

**E stati pou kalifye pou Medicaid
(barèm 5-an an pa aplikab)****

- Moun ki siviv trafik ak mari/madanm yo, pitit yo, frè/sè oswa paran yo
- Moun ki gen Rezidans Pèmanan Legal chanje estati yo pou yo egzante de barèm 5-an an
- Veteran oswa moun ki aktif nan militè, avèk madanm/mari yo oswa depandan ki pa marye avèk yo ki gen kondisyon "moun ki kalifye men ki pa sitwayen Ameriken"
- Refijye
- Moun ki pran Azil
- Moun ki soti Kiba/Ayiti ki antre
- Moun yo te dwe depòte oswa fè soti nan peyi a epi yo kanpe pwosedi a
- Manm yon tribi Endyen yo rekonèt onivo Federal oswa Endyen Ameriken ki fèt Kanada
- Sèten Imigran Amerazyen



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye pou resevwa Medicaid

Pou ka jwenn plis estati imigrasyon legal ki prezan, ale nan sit: www.healthcare.gov/immigrants/immigration-status/***

* Li endike estati imigrasyon ki prezan ke yo konsidere kòm kondisyon pou moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye pou resevwa Medicaid

** Li endike estati imigrasyon ki prezan ke yo konsidere kòm kondisyon pou moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye pou resevwa Medicaid lèfini barèm 5-an Medicaid la PA afekte yo

*** Pou lemoman pagen yon vèsyon etranje ki dipsonib pou pwodui sa a.

Tablo sa a reprezante yon rezime sou kondisyon Federal konplèks ki gen rapò a kondisyon imigrasyon. Etandonne sa a se yon rezime, li pa gen tout detay ki nesesè yo ladann. Piblikasyon sa a pa yon dokiman legal e li pa bay okenn dwa ni l pa enpoze okenn obligasyon. Yo pat bliye l pou l ranplase lwa ki ekri a ni ranplase règleman yo.

2. Kalifikasyon pou Medicaid oswa pou CHIP Leplisouvan, moun ki pa sitwayen Ameriken e ki gen yon estati "moun ki pa sitwayen Ameriken ki kalifye", moun sa yo kalifye pou yo anrejistre nan Medicaid oswa nan CHIP, si toutfwa yo kalifye pou Medicaid oswa pou CHIP nan eta kote yo rete a (depi yo satisfè kritè sou salè ak kritè sou rezidans). Yo idantifye estati imigrasyon "Moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye" avèk yon sèl asteriks *Detay 1 – Estati Imigrasyon ki pèmèt moun kalifye* pou kouvèti asirans nan Mache Asirans la

(Marketplace Coverage) anwo li. Metsouli, lalwa Federal egzije ke anpil moun ki pa sitwayen Ameriken ki kalifye fèt pou yo tann yon peryòd datant senkan (yo rele li "barèm senkan" tou) avan yo vin kalifye pou Medicaid oswa CHIP. Peryòd datant senkan sa a kòmanse lè kliyan yo resevwa estati imigrasyon ki kalifye yo, men se pa lè yo fenk antre Etazini pou premye fwa. Sepandan, kliyan ki gen sèten estati imigrasyon. yo egzante, kidonk yo pa oblige tann peryòd datant senk-an an. Moun ki kalifye pou estati imigrasyon pou "moun ki pa sitwayen Ameriken ki kalifye" ki egzante pou pa tann peryòd datant 5-an (tankou refijye yo, moun yo bay azil, ak Kiben-Ayisyen ki antre), yo pa mete asteriks pou idantifye yo *Detay 1 – Estati Imigrasyon ki pèmèt moun kalifye* pou kouvèti asirans nan Mache Asirans la (Marketplace Coverage) anwo li.

Enfòmasyon ki enpòtan: Gen kèk eta ki gen kouvèti asirans Medicaid ak CHIP ki pwolonje pou timoun ak/oswa fanm ansent ki prezan legalman, kit yo konsidere yo kit yo pa konisidere kòm "moun ki pa sitwayen Ameriken ki kalifye" oswa ki te tann peryòd datant senk-an an, si otreman yo kalifye pou Medicaid oswa CHIP nan eta kote yo rete a.

- Adrès entènèt la montre ki eta ki kouvari timoun ak/oswa fanm ansent ki prezan legalman:
<http://www.medicaid.gov/medicaid-chip-program-information/by-topics/outreach-and-enrollment/lawfully-residing.html>***
- Adrès entènèt sa a gen enfòmasyon sou kritè kalifikasyon pou Medicaid pou chak eta:
<http://www.medicaid.gov/medicaid-chip-program-information/by-state/by-state.html>.***

Pou ka jwenn enfòmasyon espesifik sou kalifikasyon Medicaid, kontakte biwo Medicaid ki nan eta kote w rete a, annik itilize meni ki gen flèch ki desann lan nan: <https://www.healthcare.gov/medicaid-chip/eligibility/>.***

Si moun ki pa sitwayen Ameriken yo pa kalifye pou Medicaid, swa poutèt yo prezan legalman men yo pa gen estati imigrasyon "moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye" oswa yo se "moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye" men yo pat satisfè peryòd datant senkan an, kliyan ki pa sitwayen Ameriken sa yo



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

ka byen kalifye pou resevwa èd finansyè atravè Mache Asirans la (Marketplace) si yo satisfè egzijans kalifikasyon Mache asirans la (Marketplace). Metsouli, Medicaid ap peye pou sèvis moun resevwa nan ka ijans pou trete pwoblèm medikal ann ijans, depi kliyan yo satisfè tout lòt règ kalifikasyon Medicaid nan eta a men yo pa gen estati imigrasyon ki kalifye yo.

- 3. Imigran ki pa gen papeye ki pa kalifye pou Kouvèti Mache Asirans la (Marketplace):** Imigran ki pa gen papeye pa kalifye pou anrejistre pou kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Marketplace), menm si y ap peye tout montan an, byenke yo ka byen achte kouvèti asirans andeyò Mache Asirans la (Marketplace). Medicaid ap peye pou sèvis moun resevwa nan ka ijans pou trete pwoblèm medikal ann ijans, depi moun nan satisfè tout lòt règ kalifikasyon Medicaid nan eta a (sètadi salè ak rezidans nan eta a) men yo pa gen estati imigrasyon ki kalifye yo. Metsouli, nan sèten eta, gen kèk fanm ansent ki ka jwenn kouvèti asirans sante pandan gwo sès yo, kèleswa estati imigrasyon yo.
- 4. Moun yo pèmèt gen Aksyon yo Repòte pou Timoun k ap Vini (DACA) pa kalifye pou Kouvèti Mache Asirans la (Marketplace Coverage):** Moun yo pèmèt gen aksyon yo repòte selon konsèy DHS te bay nan dat 15 jen 2012 pa kalifye pou achte kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Marketplace).¹
- 5. Imigran ki Prezan Legalman yo ka byen Kalifye pou Kouvèti Mache Asirans (Marketplace) yo Sibvansyone menm si Salè yo touche a Pi Ba ke Liy Povrete Federal la (FPL):** Pifò kliyan yo fèt pou gen yon salè anyèl yo takse ki ant 100% e 400% FLP defason pou yo kalifye pou asistans finansyè. Sepandan, imigran ki prezan legalman yo ki pa kalifye pou Medicaid poutèt estati imigrasyon yo, imigran sa yo ka byen kalifye pou èd finansye menmsi salè yo pi ba ke 100% FPL.

Deklarasyon ak Verifikasiyon Estati Imigrasyon

Nan aplikasyon Mache Asirans la (Marketplace), yo mande aplikan yo ki estati sitwayènte yo ak estati imigrasyon yo pou konnen si yo kalifye pou chwa kouvèti asirans sante yo. Mache Asirans la (Marketplace) pran enfòmasyon epi l verifye enfòmasyon an sou sitwayènte ak imigrasyon sèlman pou manm fanmi k ap aplike pou kouvèti asirans. Yo pral itilize enfòmasyon sa a sèlman pou konnen si yon kliyan kalifye, e yo pap itilize l pou ranfòse lwa imigrasyon. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade memorandòm suivan an (ann angle e an panyòl) ke Imigrasyon Dwàn ak Aplikasyon lalwa Etazini (ICE) bay: <https://www.ice.gov/doclib/ero-outreach/pdf/ice-aca-memo.pdf>.***

Moun ki gen diferan kondisyon imigrasyon nan yon kay

Moun k ap ede moun aplike yo fèt pou konnen ke gen sèten kliyan ki rete nan kay kote moun yo gen diferan kondisyon imigrasyon, sa vle di nan kay la gen moun ki gen diferan estati imigrasyon ak diferan sitwayènte. Nan ka sa a, chak manm ki nan kay la ka byen kalifye pou diferan kalite kouvèti asirans sante dapre sitwayènte yo e dapre estati imigrasyon yo.

Aplike pou Kouvèti Asirans pou Manm Fanmi

Moun k ap ede moun aplike yo fèt pou konnen ke kliyan yo ka aplike pou kouvèti asirans pou moun ki sou kont yo menm si yomenm yo pa kalifye pou kouvèti asirans.

¹ Gid sa a te ajou lè yo te pibliye l oswa lè yo te mete l nan sit entènèt la. Règleman kalifikasyon yo ka chanje regilyèman.



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

Kliyan k ap Chèche Kouvèti Asirans Sante pou Yomenm

Kliyan k ap chèche kouvèti asirans sante konplè pou yomenm fèt pou deklare yo estati imigrasyon ki kalifye yo oswa ke yo se sitwayen Ameriken oswa natifnatal, e Mache Asirans la (Marketplace) pral pase pa Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ak/oswa DHS pou l verifye enfòmasyon an. Kliyan ki deklare yo gen estati imigrasyon ki kalifye yo fèt pou prezante tip dokiman imigrasyon yo ak tout dokiman yo genyen ki disponib, jan yo mande l nan aplikasyon Mache Asirans la (Marketpalce) (gade *Egzanz 2 – Ekran ki Prezante Seleksyon Tip Dokiman pou Verifye Estati Imigrasyon* anba a). Lè ou bay enfòmasyon sa a ansanm avèk aplikasyon an, li pèmèt pwosedi verifikasyon ak kalifikasyon an fèt pi rapid, epi li fè moun yo gen mwens difikilte, tankou konparezon done "ki pa konsistan" (ke nou dekri pi ba a). Kliyan ki pa deklare yo se sitwayen Ameriken oswa ki pa deklare yo gen yon estati imigrasyon ki kalifye yo, pa ka jwenn kouvèti asirans sante atravè Mache Asirans la (Marketplace), sepandan yo ka toujou ranpli aplikasyon Mache asirans la (Marketplace) pou konnen si yo ka byen kalifye pou resevwa tretman pou pwoblèm medikal ann ijans oswa resevwa sèvis pou fanm ansent nan sèten eta atravè Medicaid si yo satisfè lòt kritè ki kalifye yo pou Medicaid oswa CHIP nan eta kote yo rete a.

Kliyan yo ka aplike pou kouvèti asirans atravè Marketplace, Medicaid oswa CHIP pou manm fanmi yo, kit yo kalifye, kit yo pa kalifye yomenm.

Paregzanp, paran ki pa gen papye e ki gen pitit ki se sitwayen Ameriken kapab aplike pou kouvèti asirans pou pitit yo antanke moun ki ranpli aplikasyon an. Nan ka sa a, moun k ap ranpli aplikasyon an ap deklare ke manm fanmi k ap aplike pou kouvèti asirans la se yon sitwayen Ameriken oswa li gen yon estati imigrasyon ki pèmèt li kalifye. Lè y ap aplike pou lòt manm fanmi yo epi yo pap chèche kouvèti asirans pou tèt yo, moun k ap ede yo avèk aplikasyon an pa oblige mande yo bay enfòmasyon sou pwòp estati sitwyènte pa yo oswa sou estati imigrasyon yo, men yo oblige bay enfòmasyon sou sitwayènte ak enfòmasyon sou estati imigrasyon manm fanmi yo k ap chèche kouvèti asirans. Yo pap itilize enfòmasyon ki sou aplikasyon yo pou ranfose lwa imigrasyon. Si moun k ap ede ranpli aplikasyon sa yo bezwen pou pwosedi verifikasyon an, yo ka rele Sant Apèl Mache Asirans la (Market Call Center).



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

Egzanz 2 – Ekran ki Prezante Seleksyon Tip Dokiman pou Verifye Estati Imigrasyon²

The screenshot shows a step-by-step application process. On the left, a sidebar lists steps: 'GET STARTED' (highlighted), 'FAMILY & HOUSEHOLD' (with '1' selected), 'More about this household', 'Summary', 'INCOME', 'ADDITIONAL INFORMATION', and 'REVIEW & SIGN'. The main area is titled 'Document type (Select one)' with a dropdown menu set to 'Permanent Resident Card ("Green Card", I-551)". Below it, instructions state: 'The I-551 Permanent Resident Card, or "Green Card", is issued to immigrants who enter the U.S. to reside permanently. Enter the Alien number (starts with an "A" followed by 7-9 digits) and card number, as listed on the card.' Two input fields are provided: 'Alien number optional' containing 'A-158458572' and 'XXXXXX' below it, and 'Card number optional' with placeholder text 'Enter your card number.' and 'XXXXXXXXXXXXXX' below it. A note at the bottom says: 'If you only have an alien number, select "Other documents or status types." You'll be asked "Does Joseph Carlson also have any of these documents or status types?" Select "Other." Then enter your document description and your alien number.' At the bottom, a question asks 'Is [redacted] the same name that appears on his document?' with 'Yes' (selected) and 'No' radio buttons.

Verifikasyon Enfòmasyon sou Idantite ak Kalifikasyon

Lè kliyan yo aplike pou kouvèti asirans, Mache Asirans la (Marketplace) bezwen verifye idantite yo ak lòt enfòmasyon sou yo. Grasa enfòmasyon sa yo, y ap kapab konnen pou ki kalite kouvèti asirans yo kalifye ak ki asistans finansyè yo kalifye. Yo konn rele pwosede verifikasyon idantite a "prèv idantite (ID)," e li pwoteje enfòmasyon pèsonèl kliyan an paske li vle asire l ke chak aplikan se vre moun li deklare li ye a toutbon, konsa yo anpeche moun kreye yon fo kont ak anpeche yo aplike pou kouvèti asirans sante sou non yon lòt kliyan san kliyan sa a pa menm konnen. Prèv idantite (ID proofing) reprezante yon pati ki enpòtan nan aplikasyon Mache Asirans la (Marketplace) e si yo pa ka rezoud yon pwoblèm idantite, kliyan an pap kapab konplete aplikasyon an sou entènèt. Pou konplete prèv idantite a, kliyan yo fèt pou yo mete enfòmasyon pèsonèl yo tankou kote yo te rete anvan oswa ki kote yo gen yon kanè bank. (*Tanpri gade Konsèy pou Jere Pwoblèm Kalifikasyon ak Anrejsitremain, pi ba a pou ka gen plis enfòmasyon.*)

Difikilte pou Konpare Done yo

Yo konn rele difikilte pou konpare done yo "enkonsistans," e sa rive lè enfòmasyon yon kliyan mete nan aplikasyon Mache Asirans li (Marketplace) pa koresponn a enfòmasyon Mache Asirans la (Marketplace) resevwa nan baz done ki kredib, tankou baz done SSA oswa baz done Otorite Fiskal Ameriken (IRS). Difikilte ki konn prezante leplisouvan lè y ap konpare done yo se nan enfòmasyon sou salè, sitwayènte ak imigrasyon. Kliyan yo ka konnen si yo gen yon pwoblèm konparezon done si yo ale verifye avi kalifikasyon Mache Asirans la (Marketplace) voye pou yo yon fwa yo te aplike. Si yon kliyan gen yon difikilte pou konpare done, avi

² Remake ke enfòmasyon ki nan prezantasyon sa a se sèlman pou bay egzanz. Dyapozitif yo gen kopi ekran ki gen non sou yo ak/oswa plan espesifik /òganizasyon espesifik. Rezon ki fè yo itilize kopi ekran sa yo se pou bay kèk egzanz. Se envante yo envante non ki make yo e yo te seleksyone non plan yo/òganizasyon yo pa aza. Nan egzanz sa yo, pa gen enfòmasyon ki idantife moun pèsonèlman e yo pa andose okenn plan espesifik/òganizasyon espesifik.



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

kalifikasyon an pral make "Voye plis enfòmasyon pou Mache Asirans la (Marketplace)." Kliyan yo fèt pou reponn a demann sa a nan peryòd tan ki make nan avi a, e yo fèt pou rezoud pwoblèm konparezon done a, e si yo pa fè sa, y ap fèmen enskripsiyon yo. Metòd yo pito e ki pi pratik pou rezoud enkonsistans yo se telechaje tout dokiman yo mande yo elektwonikman nan kont kliyan an nan HealthCare.gov. Epitou kliyan yo ka voye kopi dokiman yo dirèkteman pa lapòs bay Mache Asirans la (Marketplace).

Moun k ap ede kliyan yo dwe ankouraje kliyan yo li avi sou kalifikasyon yo atantivman pou asire ke yo voye :

- Tout enfòmasyon yo reklame;
- Dokiman yo kòrèk, si posib; ak
- Enfòmasyon ki kòrèk pou manm k ap anrejistre nan gwoup la.

Paregzanp, Mache Asirans la (Marketplace) ka mande plis enfòmasyon sou yon moun apade moun k ap ranpli aplikasyon an. Lè w soumèt tout enfòmasyon ak tout dokiman yo, si posib, pou manm k ap anrejistre nan gwoup la, sa pral ede Mache Asirans la (Marketplace) rezoud pwoblèm konparezon done a leplivit ke posib.

Kliyan ki pa soumèt enfòmasyon anplis yo, oswa ki pa soumèt enfòmasyon ki *kòrèk* la pou moun *kòrèk* la, kliyan sa yo riske pèdi kouvèti asirans yo atravè Mache Asirans la (Marketplace). Kliyan ki gen enkonsistans nan estati imigrasyon yo oswa enkonsistans nan sitwayènte yo ap resevwa 2 lèt avètisman: youn k ap rive 60 jou anvan dat limit yo bay pou rezoud pwoblèm lan epi yon lòt 30 jou anvan dat yo bay pou rezoud pwoblèm lan. Yo pral make sou liy sijè lèt avètisman an "Sa a enpòtan: Reponn anvan dat ki make pi ba a pou ka kenbe kouvèti asirans ou genyen nan Mache Asirans la (Marketplace) oswa pou kenbe èd w ap resevwa ki peye pou kouvèti asirans ou gen nan Mache Asirans la (Marketplace)." Chak avi gen yon lis ki bay dokiman ki akseptab yo ak esplikasyon pou voye dokiman yo, e kliyan yo dwe li sa avèk anpil atansyon pou asire ke yo voye enfòmasyon ki kòrèk la. Epitou yo pral rele kliyan yo nan telefòn 14 jou anvan dat limit la pou rezoud pwoblèm konparezon done a.

Kijan Moun ka p Ede Imigran ka Ede yo avèk Pwosede Anrejistreman an

Esplikasyon suivan yo ka ede moun k ap ede imigran yo pale avèk kliyan imigran k ap chèche kouvèti asirans pou yomenm oswa pou yon lòt moun:

- Kòmanse pa li mesaj sou vi prive ak konfidansyalite pou mete kliyan imigran yo alèz, sitou mesaj sou estati sitwayènte oswa sou estati imigrasyon yo e sou nimewo Sekirite Sosyal yo (SSN). Fè kliyan yo konnen ke yo pap itilize enfòmasyon yo pou bay ajans gouvènman ki ranfòse lalwa ak règleman imigrasyon.
- Bay kliyan yo enfòmasyon sou estati imigrasyon pou yo kalifye epi di yo ki dokiman ki akseptab pou ede yo deside kimoun nan fanmi yo ki ka byen kalifye pou aplike pou asirans sante.
- Ou mèt pare pou refere kliyan yo bay avoka imigrasyon ki pa travay pou pwofi pou ede kliyan ki pa fin si yo pou yo gen estati imigrasyon ki kalifye yo oswa ou mèt pare pou ede yo jwenn dokiman imigrasyon si dokiman yo pokò pare.
- Pa blye pou byen idantifye kliyan an oswa kliyan yo k ap aplike pou kouvèti asirans sante, annik mande yo si y ap chèche kouvèti asirans sante pou yomenm oswa pou yon lòt moun.



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

- Moun k ap ede imigran yo fèt pou asire pa gen okenn baryè, kit se baryè lang, kit se baryè kiltirèl ki entèfere avèk sa kliyan an konprann nan pwosedi aplikasyon ak anrejistrem Mache Asirans la (Marketplace). Gen entèprtèt ki pale lang kliyan yo oswa gen dokiman ki deja tradui ki gratis e ki disponib nan sant apèl Mache Asirans la (Marketplace). Ou ka mande pou yo ba ou yon entèprtèt oswa dokiman ki tradui yo defason pou enfòmasyon an konplètman aksesib oswa konpreyansib. Moun k ap ede imigran yo fèt pou itilize sèvis sa yo pou moun k ap aplike yo oswa pou fanmi yo, si li nesesè. Puiske sèvis sa yo gratis, piga fè moun k ap aplike yo ni fanmi yo peye pou sa.
- Si kliyan yo pale lòt lang, apade angle epi yo ta renmen pale ak yon moun pèsònèlman nan yon lòt lang, yo ka rele Mache Asirans la (Marketplace nan 1-800-318-2596. Eslike kliyan yo ke Mache Asirans la bay èd nan lòt lang gratis. Ou ka itilize "Find Local Help (Jwenn Èd Loka)" nan Healthcare.gov pou chèche yon moun nan òganizasyon sa yo ki ka ede w nan lòt lang, apade angle:
<https://localhelp.healthcare.gov/>.

Konsèy pou Jere Pwoblèm Kalifikasyon ak Anrejistrem

Lè w ap ede yon kliyan ki se imigran, moun k ap ede a fèt pou l konnen pwoblèm ki ka prezante yo:

- Moun k ap ede kliyan yo fèt pou yo abitye avèk diferan resous salè kliyan imigran konn genyen, tankou travayè sezonye ki pa gen salè fiks, salè ki soti aletranje, oswa salè moun k ap travay poukонт yo. Diferan tip salè sa yo ka afekte kalifiaksyon pou pwogram asirans ki pa koute chè ki pou bese pri kouvèti asirans sante a.
- Moun k ap asiste yo fèt pou ede kliyan yo idantifye ki dokiman yo dwe pote lè y ap vin nan randevou, epi bay kliyan yo kèk egzanzp dokiman yo ka pote (kòm paregzanp kat Sekirite Sosyal, Kat Rezidans Pèmanan oswa "Green Kat," kat otorizasyon travay, oswa kat refijye). Tout bagay sa yo ka fèt lè kliyan yo rele pou pran yon randevou, sepandan yo ka fèt atravè pwogram sansibilizasyon nan feyè, bwochi, oswa atravè lòt depliyan ki ka eslike ki dokiman moun bezwen pou anrejistre. Pou ka gen yon lis dokiman ki akseptab, ale nan sit entènèt: <https://www.healthcare.gov/immigrants/documentation/> ***
- Moun k ap ede yo fèt pou asire yo ke kliyan yo konnen se moun k ap aplike pou kouvèti asirans sèlman ki bezwen prezante dokiman sou estati sitwayènte ak imigrasyon, pa lòt moun ki rete nan kay la.
- Moun k ap ede yo dwe ankouraje kliyan yo mete tout dokiman imigrasyon yo mande nan aplikasyon sou entènèt la, si yo konenn jande dokiman an ak nimewo li e si li disponib. Sa pral ogmante chans pou yo verifye estati imigrasayon ak sitwayènte kliyan an san pwoblèm.
- Moun k ap ede yo fèt pou konnen ke kliyan yo ka pa konnen kisa yo bezwen fè pou gen yon kont imèl pou anrejistre sou entènèt. Ou ka oblige pase plis tan avèk kliyan yo pou ede yo kreye yon kont imèl. Epitou kliyan yo ka rele Mache Asirans la (Marketplace) nan 1-800-318-2596 pou fè anrejistrem an nan telefòn.
- Moun k ap ede yo ka kreye yon fòm pou kliyan yo ranpli e ki gen enfòmasyon tankou:
 - Enfòmasyon sou kont HealthCare.gov yo;
 - Yon mo oswa yon fraz ki ka fè yo sonje mo-de-pas yo;



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

- Detay sou plan asirans sante kliyan yo, tankou montan prim asirans, dediktib sou asirans ak ko-asirans; ak
- Nenpòt enfòmasyon ki ka ede kliyan yo kenbe enfòmasyon sou kouvèti asirans sante yo.

Lè moun k ap ede kliyan yo bay kliyan yo feyè enfòmasyon sa a ki gen non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo, sa ka ede kliyan yo kontakte moun k ap ede yo sizoka yo ta gen kesyon. Epitou yo ka konsantre enfòmasyon sa a sou yon kat endèks oswa sou yon kat bizinis ke kliyan an ka mete nan bous li.

- Imigran yo ka gen pwoblèm pou yo satisfè pati "prèv idantifikasyon" nan aplikasyon an puiske pa gen anpil chans pou yo gen prèv idantifikasyon yo konn mande pou tcheke kredi yo. Moun k ap ede kliyan yo fèt pou pare pou yo ede kliyan yo avèk pwozedi "prèv idantifikasyon an", kèleswa difikilte yo ka genyen. Pou kliyan yo konplete seksyon "prèv idantifikasyon an," kliyan yo pral gen pou reponn kèk kesyon sou sijè tankou:
 - Adrès kote yo rete aktyèlman an ak kote yo te rete anvan;
 - Non kote y ap travay kounyeya ak non kote yo te travay anvan; ak
 - Enfòmasyon sou ipotèk (mortgages), sou kat kredi, ak/oswa sou lajan yo prete.

Pou ka jwenn yon lis ki gen kategori kesyon yo, ale nan sit entènèt:

<https://marketplace.cms.gov/outreach-and-education/your-marketplace-application.pdf>***.

CMS itilize ajans ki bay rapò sou kredi tankou Experian ak Equifax pou l verifye enfòmasyon ki sou aplikasyon kliyan an, kidonk yo ka wè CMS te voye mande enfòmasyon sou nivo kredi yo. Demann CMS la pap afekte nivo kredi kliyan yo.

- Moun k ap ede kliyan yo fèt pou prepare yo pou ede kliyan yo avèk pwoblèm konparezon done kliyan yo ka genyen. Moun k ap ede kliyan yo fèt pou ankouraje kliyan yo li avi sou kalifikasyon an atantivman, epi pou yo li avi yo resevwa ki pou fè yo sonje, defason pou yo ka asire ke yo voye enfòmasyon ki kòrèk la pou manm kòrèk la k ap anresjistre pou gwoup la. Epitou kliyan yo ka konnen si wi ou non yo gen pwoblèm konparezon done ki poko rezoud. Yo ka ale nan kont yo nan Mache Asirans la (Marketplace) epi y ap jwenn yon lis ki gen tout enkonsistans ki poko rezoud nan seksyon "Applications details (Detay sou aplikasyon)." Kliyan ki gen kesyon konsènan estati dokiman ke yo te voye bay Mache Asirans la (Marketplace) fèt pou rele Sant Apèl Mache asirans la (Market Call Center).
- Moun k ap ede kliyan yo fèt pou konnen ke kliyan ki gen pwoblèm konparezon done ka toujou aplike pou kouvèti asirans menmsi pwoblèm la poko rezoud. Si pwoblèm kliyan yo genyen ak konparezon done imigrasyon oswa sitwayènte a pa resi rezoud, yo ka pèdi kalifikasyon yo pou kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Marketplace). Si pwoblèm kliyan genyen ak konparezon done yo pa resi rezoud; prim ki baze sou kredi taks la ak rediksyon pataj chaj yo ka chanje .

Men Senaryo ki Montre Kalifikasyon Kliyan ki se Imigran

Eva ak Adan Santos, toulede gen 28 an, yo marye epi yo fenk gen yon tibebe ki rele Serena ki fèt nan Etazini. Ane sa a, Adan vin sitwayen Ameriken. Eva ranpli aplikasyon pou l pran rezidans legal li e Adan te soumèt yon demann viza pou Eva e yo te apwouve demann nan an septanm. Salè annyèl yo toulede ansanm se \$24,000 oswa 121% Nivo Povrete Federal la (FPL). Adan ak Eva ranpli taks yo ansanm e yo deklare Serena kòm depandan. Eva al mande yon moun ki konn ede moun pou ede l ak tout fanmi l anrejjistre pou kouvèti asirans



Sèvis pou Popilasyon Espesyal: Enfòmasyon Rapid pou Moun k ap Ede Imigran yo

sante, men li pa fin si si yo kalifye. Kisa k ap detèmine si lafami Santos kalifye? Èske Adan, Eva ak Serena ap kapab anrejistre nan menm kouvèti asirans la?

Repons: Adan, Eva ak Serena pap kapab anrejistre nan menm kouvèti asirans la poutèt estati sitwayènte yo pa menm. Kalifikasyon pou anrejistreman yo ka depannde si yo rete nan yon eta ki gen kouvèti ekspansyon Medicaid pou kouvri moun ki pa gen mwayen (expanded Medicaid). Men kijan yo pral detèmine kalifikasyon lafami Santos :

- Adan: Antanke sitwayen Ameriken, Adan ap kalifye pou l'enskri nan QHP atravè Mache Asirans la (Marketplace) epi li ka byen kalifye pou Medicaid. Si eta kote l'rete a gen ekstansyon Medicaid jiska 138%, salè Adan ap pèmèt li kalifye pou kouvèti Medicaid. Nan eta ki gen ekspansyon Medicaid yo, Adan pa tap kalifye pou APTC ni pou CSR atravè Mache Asirans la (Marketplace). Si Adan rete nan yon eta ki pa gen ekspansyon Medicaid epi misye anrejistre pou kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Marketplace), Adan ka byen kalifye pou APTC ak CSR atravè Mache Asirans la (Marketplace).
- Eva: Yo konsidere Eva kòm yon moun ki prezan legalman nan peyi a, kidonk li ka byen kalifye pou kouvèti Mache Asirans la (Marketplace). Yo poko ka konsidere Eva kòm yon "moun ki kalifye men ki pa sitwayen Etazini" poutèt kondisyon Medicaid etabli pou kalifye. Si Eva enskri l pou kouvèti asirans atravè Mache Asirans la (Marketplace), li ka byen kalifye pou APTC ak CSR atravè Mache asirans la (Marketplace).
- Serena: Puiske Serena te fèt nan Etazini, li se yon sitwayen Ameriken e li kalifye pou kouvèti Medicaid, si li satisfè kritè kalifikasyon nan eta kote l'rete a.

Resous Adisyonèl

POU KA GEN PLIS ENFÒMASYON, ALE NAN SIT:

HealthCare.gov: [Kisa Fanmi Imigran Bezwè Konnen](https://www.healthcare.gov/what-do-immigrant-families-need-to-know/)¹

Marketplace.CMS.gov: [Enfòmasyon pou Imigran](https://marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/special-populations-help.html)^{2***}

Marketplace.CMS.gov: [Kesyon Sitwayènte & Imigrasyon sou Aplikasyon Mache asirans la \(Marketplace\)](https://marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/citizenship-questions-on-marketplace-application.pdf)³

1 <https://www.healthcare.gov/what-do-immigrant-families-need-to-know/>***

2 <https://marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/special-populations-help.html>***

3 <https://marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/citizenship-questions-on-marketplace-application.pdf>***

*** Pou lemoman pagen yon vèsyon etranje ki dipsonib pou pwodui sa a.